

Defans Kont Tantativ Revokasyon Lwa sou Proteksyon Timoun kont Entèwogasyon an

An 2022, Asanble Jeneral Maryland nan te adopte Lwa sou **Proteksyon Timoun kont Entèwogasyon** (CIPA). Anvan lwa a te chanje, yo te konn trete timoun yo menm jan ak granmoun pandan entèwogasyon nan gadavi yo, san pran an kont kapasite timoun sa yo pou konprann konsèp konplike ak entimidan sa yo diminye anpil ak laj yo.

Kou Siprèm nan te toujou konsidere timoun yo diferan de granmoun yo e ta dwe trete konsa nan entèraksyon yo ak sistèm jistis la.¹ Se nan pèspektiv sa lejislatè yo te adopte CIPA. Li te resevwa gwo sipò nan men kò lejislatif la.

Toutfwa, nan dènye mwa sa yo, fòs lòd yo, pwokirè yo, ak kèk medya te mal dekri eta kriminalite jèn yo nan Maryland e yo te mande retrè CIPA. Pandan sesyon lejislatif 2024 la, nou pral kontinye defann timoun yo de atak sou dwa yo ak pwosedi regilye.


KISA CIPA YE?

Lwa sou **Pwoteksyon Timoun kont Entèwogasyon** (CIPA) garanti timoun yo resevwa eksplikasyon dwa Miranda ki adapte ak laj ak devlòpman yo pandan l ap egzije prezans yo avoka lè fòs lòd yo ap entèwoje yon timoun pou premye fwa. Lwa a garanti tou yo enfòme paran/gadyen yo lè yo mete timoun nan an gadavi.

POUKISA CIPA NESESÈ?

Etid yo montre timoun yo renonse ak dwa Miranda yo anviwon 90 pouzan fwa e fè fo konfesyon ak yon nivo pi wo pase granmoun yo.² Yon etid te montre timoun yo twa fwa pi siseptib pou fè yon konfesyon pase granmoun yo.³

Selon yon egzamen enfòmasyon de Rejis Nasyonal Egzonerasyon (National Registry



of Exonerations) an, sou 268 moun ki inosante ki te kondane yon fason enjis pandan yo te timoun, 34 pouzan te fè fo konfesyon, pandan sèlman 10 pouzan moun ki te inosante ki te kondane yon fason enjis pandan yo te gen plis pase 18 lane te fè fo konfesyon.⁴ Anplis de diferans nan devlopman sèvo ant gramoun ak timoun, sa rive prensipalman akoz laperèz ak konfizyon timoun yo konfwonte lè yo rankontre ak lapolis.

Lapolis konprann laperèz sa e yo otorize pou yo bay timoun yo manti pou ensite yo avwe menm si yo pa komèt krim nan. Anplis de sa, fo konfesyon pa sèlman nwi timoun nan men tou redwi kapasite lapolis la pou arete bon moun nan.

Lapolis gen yon varyete teknik envestigasyon yo kapab itilize ki pa santre sou enkriminasyon pèsonèl. CIPA tabli ekilib ant nesesite pou fòs de lòd rezoud krim yo ak nesesite pou asire moun ki akize de krim yo konprann dwa yo e kapab egzèse yo. Tantativ ki vize prezante objektif sa yo kòm mityèlman eksklizif konpwomèt dwa konstitisyonèl nou yo.

Kèk sijere se paran yo e non pa timoun yo ki ta dwe deside si wi ou non timoun nan ap pale ak lapolis. Toutfwa, dwa konstitisyonèl yo pa transferab, e paran yo pa kapab fòse timoun yo renonse ak dwa sa yo.

SOUS:

¹ https://www.sog.unc.edu/sites/default/files/course_materials/US%20Supreme%20Court%20cases%20on%20how%20children%20are%20different.pdf

² https://www.americanbar.org/groups/public_interest_child_law/resources/child_law_practiceonline/child_law_practice/vol-35/august-2016/police-routinely-read-juveniles-their-miranda-rights--but-do-kid/

³ <https://www.law.northwestern.edu/legalclinic/wrongfulconvictionsyouth/understandproblem/>; https://www.prisonpolicy.org/scans/aba/Juvenile_confessions.pdf

⁴ <https://innocenceproject.org/police-deception-lying-interrogations-youth-teenagers/>

KISA CIPA PA YE

→ **CIPA pa kreye dwa konstitisyonèl adisyonèl pou timoun yo.** Konstitisyon an garanti tout moun dwa pou rete silans ak konsilte yon avoka e Kou Siprèm nan te konfime yo nan plizyè okazyon. Pou kapab pwoteje dwa sa yo ki egziste deja, CIPA etabli pwosedi adisyonèl nan objektif pou asire timoun yo reyèlman konprann dwa yo lè yo nan gadavi lapolis. Okenn Eta pa kapab vyole dwa moun konstitisyon an prevwa. Toutfwa, eta yo ka ranfòse pwoteksyon sa yo. CIPA te entwodui ekspansyon pwosedi ki garanti pwoteksyon dwa ki egziste deja yo pou moun ki pi vilnerab nan eta nou an.

→ **CIPA pa anpeche lapolis pale ak timoun yo nan sitiyasyon ijans.** Lapolis ka chèche enfòmasyon ki nesesè pou pwoteje kont yon menas ak sekirite publik.

→ **CIPA pa limite chwa avoka.** Timoun yo dwe konsilte ak yon avoka pou yo enfòme de dwa yo anvan lapolis kòmanse yon entèwogasyon. Toutfwa, avoka sa kapab yon avoka prive, ouswa yon avoka Biwo Defansè Piblik la asiyen.

→ **CIPA pa egzije pou timoun yo rete silans pandan entèwogasyon yo.** Yon fwa timoun nan konsilte yon avoka epi yo rele paran l, yo ka pran desizyon pou egzèse dwa pou rete silans oswa pale ak lapolis jan nenpòt granmoun t ap fè. Pwojè lwa dekri senpman etap adisyonèl ki nesesè pou asire timoun yo konprann dwa sa yo anvan yo sibi yon entèwogasyon.